
NPS


NORWALK PUBLIC SCHOOLS

ETA LEKÒL
YO EDISYON
2025



SAN LIMIT

YON KOUT JE SOU



*apati 1ye jen 2025

PWEN ENPÒTAN



EDIKATÈ KI RESEVWA PRI

Lekòl Piblik Norwalk yo fyè pou selebre pèsonèl ki resevwa pri nan eta a ak nan nivo nasyonal. Yo te nome Doktè Damon Lewis, direktè Ponus Ridge, kòm pi bon Direktè Nasyon Pou Lekòl Entèmedyè yo pou ane 2025-26. Epitou, Asosyasyon Lekòl nan Connecticut te onore l. Yo te nome Brien McMahon's LaShante James kòm pi bon Asistan Prensipal pou Lekòl Segondè yo pou ane 2025. Kowòdonatè Syans Marin yo John Foldeak resevwa Pri Babu George STEM, epi pwofesè ki nan Jefferson te ranpòte ni Pri Ekselans nan Syans Pou Klas Elemantè ni Pri Ekselans Prezidansyèl pou Ansèyman Matematik ak Syans nan men Asosyasyon Pwofesè Syans nan Connecticut.



OPÒTINITE AKADEMIK

Nan Lekòl Piblik Norwalk yo, nou kwè aprantisaj la ale pi lwen pase sa ki fèt nan sal klas yo. Elèv ki nan pwogram Marine Science Pathway te retabli marè sale lokal yo, epi yo te libere ti bebe twit nan kannal dlo lokal yo. Akademi Medya Dijital ki nan Norwalk High School te vizite sit nouvo batiman yo epi yo te poze responsab konstriksyon yo kesyon, pandan Akademi Swen Sante ki nan Brien McMahon High School te akeyi prezidan Lopital Norwalk pou pataje konesans sou karyè nan domèn lasante. Eksperyans sa yo montre angajman distri a pou ofri opòtinite aprantisaj ki rich, ki konekte ak karyè, epi ki bay yon vi ak etid akademik yo. Epitou, li prepare elèv yo pou siksè ki ale pi lwen pase gradiyasyon an.



ATIZAY AK AKTIVITE ESPÒ

Sòti nan aktivite espò pou rive nan atizay, Lekòl Piblik Norwalk yo ap briye nan tout estad yo ane sa a. Ekip Bowling Lekòl Segondè Norwalk ranpòte chanpyona eta a pandan li gen nan tèt li Cephus Beatty. Nan pèfòmans atizay yo, fanfa ak gad Brien McMahon ansanm ak seksyon pèkisyon Lekòl Norwalk te monte nan nivo konpetisyon siperyè a, epi fanfa ak Gad Lekòl Segondè Norwalk te retounen nan Walt Disney World pou pèfòme. Etidyan nan teyat yo te ranpòte pi gwo distenksyon pandan plizyè konkou Connecticut Drama Association òganize, epi pandan seremoni Pri Halo a ki fèt chak ane.

YON MESAJ DIREKTÈ JENERAL LA

Edikasyon ouvè pòt pou posibilite ki san limit pou timoun nou yo. Konpetans yo devlope nan sal klas la ofri baz pou opòtinite nou pa ka konte, pandan relasyon yo konstwi avèk kamarad, pwofesè ak pèsonèl yo favorize devlopman sosyal ak emosyonèl ki nesesè pou evolye nan yon monn ki tout tan ap chanje.

Chak jou nan Lekòl Piblik Norwalk yo, nou wè elèv nou yo demontre kisa sa vle di lè w san limit gras ak potansyèl ki san limit, rezilyans, kreyativite ak lidèchip yo. Yo enspire nou atravè volonte yo genyen pou leve nouvo defi epi kapasite pou yo reyalize san limit.

Kòm direktè, youn nan pi gwo privilèj mwen benefisye se lè mwen temwen avanse sa yo. Chak ane pote pwochen reyalizasyon, pwochen inovasyon ak pwochen savan ki depase tout atant pou reyalize tout potansyèl yo. Mwen santi m touche pa devouman edikatè ak pèsonèl ki ap travay san kanpe pou gide elèv nou yo nan pakou yo, epi prepare yo pou lavni.

Ane sa a, nou ap kontinye ak angajman nou pran atravè Pòtrè yon Gradye, epi n ap asire nou chak elèv ki gradye resevwa diplòm yo pandan yo Pare Pou Lavni, pandan yo responsab sivikman, globalman angaje epi prepare pou kontribiye pozitivman nan yon monn divèsifye.

Pandan nou ap apiye sou baz panse kritik nou te etabli lane pase a, kounye a nou pral konsantre sou fason pou elèv yo mete an pratik konpetans yo pran gras ak kominikasyon efikas. Epitou, pèmèt elèv yo pataje vwa ak lide yo avèk konfyans.

Ansanm, nou ap atann pou nou gen yon ane ki gen opòtinite san limit pou elèv, fanmi ak pèsonèl nou yo. Avni a vrèman pa gen okenn limit.



DOKTÈ ALEXANDRA ESTRELLA
Direktè jeneral
Lekòl Piblik Norwalk yo

KONSÈY EDIKASYON 2025

Nou remèsye tout manm Komite Edikasyon nou an ki bay tan yo yon fason volontè, epi ki angaje antanke moun nou te chwazi pou sèvi nan lekòl ak pou elèv nou yo. Pou ou kontakte Konsèy Edikasyon an, voye yon imel nan board@norwalkps.org.



KONSÈY EDIKASYON LEKÒL PIBLIK NORWALK YO

Grace Riznyk
Nathan Hale Middle School

Yo admire Grace pou rezilyans ak jantiyès li. Li akeyi difikilte yo avèk kouraj epi li wè echèk yo kòm yon chans pou grandi. Pwofesè ak kamarad klas li yo ale kote l lè yo bezwen sipò, paske yo konnen li gen anpati epi li ankouraje lòt moun nan pakou yo.

SHANEL HALL-REYES
Concord Magnet School K-8

Pou Shanel, atizay se fason l pou briye epi konekte ak lòt moun. Li devan sèn nan pou pyès teyat eskolè ak kominotè yo, epi li ekri pwòp mizik li avèk kouraj ak kreyativite. Talan l ak fason li se yon moun ouvè fè li se yon modèl pou kamarad klas li yo ki valorize ekspresyon ak sa ki pozitif pou sante mantal.

DEREK SMITH
West Rocks Middle School

Pakou Derek la montre pouvwa pèseverans. Apre li te fin travay sou difikilte li te rankontre bonè yo, kounye a l ap fè siksè nan matematik avanse ak nan pwogram pou elèv ki fò anpil yo, sa ki te pèmèt li resevwa yon pri nan men National Junior Honor Society. Li se yon vizaj nou wè souvan nan konsèy elèv la, yon moun ki renmen kouri ak detèminasyon ak yon manm ekip ki dirije pa egzanp.




SAN LIMIT

RUBY RICE
Roton Middle School

Ruby travay byen anpil nan kou STEM (Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Matematik) avanse yo pandan l ap fè diferans sou teren an kòm atlèt pou Lady RAMS yo tou. Li loreya pandan de fwa pou IB Citizen of the Month ak Pri Emerging Leader la. Li ede kamarad li yo atravè My Sister's Keeper epi li enspire lòt moun atravè dinamis, talan ak pèsonalite l.

DANIEL MARTINEZ
Ponus Ridge STEAM Academy

Yo konnen Daniel kòm yon moun ekip li ka konte sou li. Keseswa pou sipòte bezwen sou teknoloji, jwe foutbòl avèk kè l, oswa parèt sou tablo onè chak trimès, li konsantre epi angaje nan tout sa l ap fè. Kiryozite l pou teknoloji ak kapasite l pou rezoud pwoblèm gentan fè l vin yon lidè pami kamarad li yo.



san·li·mit *adjektif* / ki pa limite / ki pa gen baraj


Chak jou elèv nou yo montre potansyèl ki san limit avèk pèseverans, kreyativite, rezilyans, ak lidèchip nan tout sa y ap fè. Nan Lekòl Piblik Norwalk yo elèv yo dekouvri pwochen fwontyè nan teknoloji Entelijans Atifisyèl yo, tounen defansè pou chanjman nan eta a ak nan nivo nasyonal, sipòte sante mantal ak byennèt kamarad yo, fè siksè nan domèn atizay ak espòtif, epi bay kominote yo an retou. Yo pa rete tann jiska gradiyasyon pou fè yon diferans. Pou yo, moman an rive pou yo kreye enpak epi montre yo pa gen limit.

Ane sa a, rapò Lekòl nan Eta NPS yo montre kòman elèv ki nan lekòl entèmedyè yo kòmanse dekouvri fason avni yo kapab san limit.

PÒTRÈ YOWN GRADYE FAZ II

APWOFONDI PANSE KRITIK GRAS AK KOMINIKASYON EFIKAS

Nan Lekòl Piblik Norwalk, nou kwè nan pouvwa ekselans. Konviksyon sa a chita nan kè Prezantasyon yon Gradye. Pandan monn nan kontinye ap chanje devan zye nou, kominikasyon ak panse kritik vin pi esansyèl. Prezantasyon yon Gradye ap sèvi kòm gid, epi li montre nou fason pou prepare elèv yo pou epanouyi nan lavi, nan inivèsite ak nan karyè yo. Ane sa a, nou ap ranfòse baz panse kritik nou an pandan n ap lanse Faz 2 pou Prezantasyon yon Gradye, pandan n ap mete aksan sou devlopman konpetans kominikasyon efikas pou nou kapab pèmèt panse kritik la vizib.



PLAN DETAYE POU PREZANTASYON YON GRADYE

Lekòl Piblik Norwalk yo ap prepare wout la pout tout elèv yo pare pou lavni. Plan detaye sa a prezante nou etap enpòtan nou franchi ak chemen nou gen pou nou fè nan pakou Prezantasyon yon Gradye.

KI KOTE NOU TE YE

Otòn pase, nou te lanse Pakou yon Gradye avèk yon anfaz sou panse kritik. Pandan ane a, nou tande elèv, fanmi ak pèsonèl nou yo ak anpil atansyon. Gen plis pase 1600 manm pèsonèl ak fanmi nan Lekòl Piblik Norwalk yo ki te patisipe nan sondaj yo, epi gen plis pase 120 elèv ak elèv ki te patisipe nan gwoup fokis la.

Nou te wè elèv ki gen tout laj angaje nan plis opòtinite aprantisaj sou panse kritik pase jan yo te konn fè l anvan an. Pa egzanp, gen yon pwofesè ki te fè konnen nan fokis gwoup la li te chanje fason li konn poze kesyon yo pou ajoute gwo nivo kesyon ki mande pou elèv la angaje nan yon refleksyon ki plis pwodiktif. Li te fè konnen, "…sa mwen te remake se bridsoukou, te gen plis ekla ri, pi plis kesyon…epi sa te parèt plis amizan."

Epitou, nou te aprann li pa sèlman ase pou elèv yo gen panse kritik; yo dwe kapab eksplike lide yo nan yon fason lòt moun kapab konprann. Se la nou bezwen kominikasyon efikas la.

KI KOTE NOU PRALE

Ane sa a, nou ap konsantre nan sipòte konpetans kominikasyon elèv yo, paske kominikasyon se yon eleman esansyèl nan fason elèv yo ap aprann, epi konekte avèk lòt moun. Elèv yo pral pratike kominikasyon efikas pandan:

- Y ap angaje aktivman avèk lòt moun.
- Adapte fason yo kominike ak diferan odyans.
- Eksprime ide yo yon fason ki klè epi ki konvenk moun.

Konpetans nan kominikasyon an enpòtan anpil nan tout sijè. Menm si se pou elèv yo pale sou estrateji matematik, ekri yon eksplikasyon sou lasyans, oswa pou travay sou yon pwojè gwoup, y ap gen opòtinite pou pratike fason pou kominike avèk klète, anpati ak konfyans.

FASON OU KAPAB SIPÒTE

Fanmi ak moun k ap bay swen jwe yon wòl esansyèl nan ede elèv yo devlope konpetans esansyèl sa yo. Ou kapab ede timoun ou an lè w:

- Ankouraje yo pou eksplike sa yo panse oswa opinyon yo
- Poze kesyon pou suivi pandan konvèsasyon yo
- Reflechi ansanm lè gen yon bagay nou pa konprann ki rive.

VINI PATISIPE AVÈK NOU NAN PWOCHEN CHAPIT ENTERESAN SA A

Nou kontan angaje nou nan vwayaj sa a avèk elèv, edikatè, fanmi, ak kominote nou yo. Ansanm, nou kapab ouvè potansyèl ki pèmèt nou vin pi bon an.

APRANN PLIS

Pou aprann plis sou Prezantasyon yon Gradye, epi dekouvri koman ou kapab sipòte timoun ou a lakay ou, tanpri ale sou **www.norwalkps.org**.

ENTELIJANS ATIFISYÈL (AI) AK APRANTISAJ DIJITAL

INOVE. ENTEGRE. ENSPIRE. PAKOU NPS LA NAN APRANTISAJ DIJITAL AK ENTELIJANS ATIFISYÈL (AI)

Lekòl Piblik Norwalk yo louvri bra l pou lavni pandan l ap entegre teknoloji AI yo atravè sal klas yo pou anrichi ansèyman ak aprantisaj yo pandan l ap asire aksè san patipri nan teknoloji pou tout elèv yo. Youn nan etap enpòtan nou franchi se lè nou aliyen konpetans ki nan Prezantasyon yon Gradye avèk Digital Promise's AI Literacy Framework, epi entegre konpreyansyon ak itilizasyon responsab entelijans atifisyèl (AI) nan pwogram eskolè nou an sòti nan elemantè pou rive nan lekòl segondè.

NPS rete yon manm fyè Lig Lekòl Inovatif Digital Promise, se yon rezo nasyonal distri ki ap panse alavans epi ki pran angajman pou itilize rechèch ak teknoloji pou amelyore rezilta eskolè yo. Distri a te prezante inisyativ li nan kesyon Entelijans Atifisyèl nan Konferans Pou Lig Lekòl Inovativ nan Pittsburgh nan lane 2024.

Pou sipòte enklizyon dijital, tout lekòl entèmedyè ak lekòl segondè NPS patisipe nan Verizon Innovative Learning Schools (VILS). Nan patenarya avèk Digital Promise, VILS ofri aparèy gratis, aksè entènèt, ak opòtinite aprantisaj STEM, pou ede kraze baryè epi asire elèv yo ekipe pou reyisi nan yon monn k ap evolye rapid epi ki santre sou teknoloji. Nou itilize pousantaj reyisit pou deplwaman ak fòmasyon pou pwogram VILS la kòm yon zouti pou mezire pwogrè nou fè nan kesyon amelyorasyon aprantisaj nimerik ak devlopman pwofesyonèl.

KISA NOU AKONPLI

Pandan ane ki pase yo, Lekòl Piblik Norwalk yo fè gwo pwogrè nan aprantisaj nimerik ak entegrasyon entelijans atifisyèl. Nou te konsantre nou anpil sou devlopman epi nan mete sou pye inisyativ nan kesyon Entelijans Atifisyèl atravè distri a. Nou etabli yon Gwoup Travay AI, devlope yon Gid Pou Distri a sou AI, epi kreye yon gid sou AI pou elèv ak pwofesè. Nou kreye yon Kad Dijital Ekitab pou Entelijans Atifisyèl pou asire itilizasyon responsab ak san patipri Entelijans Atifisyèl la.

Nou travay pou ranfòse aliyman ant Entelijans Atifisyèl ak panse kritik avèk Pòtrè yon Gradye (PoG) nou an tou. Nou fè mizajou nan pwogram ansèyman Konpetans Nimerik pou ajoute leson nan itilizasyon Entelijans Atifisyèl. Fòmatè nou yo kolabore avèk depatman syans sosyal la pou devlope resous, tankou chatbots, nan lide pou entegre rechèch ak panse kritik nan ansèyman an.

Anplis, travay nou fè nan inisyatif AI la te resevwa rekonesans, sa ki pèmèt nou jwenn plizyè opòtinite pou pataje pwogrè ak lide nou yo. Nou te fè yon prezantasyon nan Konferans Anyèl Pou Edikasyon nan Konsèy Eta a ak Konferans Lig Pou Lekòl Inovatif yo. Nou planifye pou prezante travay nou sou Prezantasyon yon Gradye ak Entegrasyon Konesans sou AI nan Konferans Aurora a.

KI KOTE NOU PRALE

Gras ak pwogrè nou yo, objektif nou pou lane k ap vini a konsantre sou avansman aprantisaj ak entegrasyon pwofesyonèl AI. Nou planifye pou elaji katalòg kou nou yo pandan n ap entegre AI ak opòtinite devlopman pwofesyonèl pou pèsonèl la epi asire suivi sou patisipasyon ak kòmantè yo.

Yon lòt gwo objektif nou genyen se ranfòse aliyman ant Entelijans Atifisyèl, panse kritik ak kominikatè efikas avèk konpetans Pòtrè yon Gradye (PoG) nou an. Nou ap devlope epi pataje resous anplis ki sipòte AI ak entegrasyon panse kritik atravè divès sijè. Epitou, nou ap ofri yon fòmasyon pwofesyonèl sible sou fason pou evalye konpetans PoG yo nan kad kou ki entegre entelijans atifisyèl.

FASON OU KAPAB EDE

Pou nou kapab entegre Entelijans Atifisyèl la yon fason pou nou fè siksè li mande yon efò nan men tout kominote Lekòl Piblik Norwalk yo:

POU FANMI AK MANM KOMINOTE YO

- **Rete Enfòme:** Gade nan Gid NPS AI ak Sant Enfòmasyon AI distri la pou jwenn enfòmasyon ki klè sou itilizasyon Entelijans Atifisyèl, mezi pwoteksyon sou konfidansyalite done, ak resous.
- **Angaje nan Diskisyon:** Pale avèk timoun ou an sou fason pou itilize entelijans atifisyèl la yon fason ki responsab, mete anfaz sou fason pou pran desizyon ak etik, evalyasyon kritik kontni ki fèt ak AI, ak enpòtans panse orijinal ak kreyativite.
- **Patisipe:** Asiste atelye pou fanmi distri a bay ak sesyon enfòmasyon pou ranfòse konpreyansyon w sou teknoloji AI ak entegrasyon etik.
- **Bay Fidbak:** Nou bay opinyon w valè. Patisipe nan chèn kominotè pou bay kòmantè pou pataje opinyon w epi ede kreye inisyativ sou Entelijans Atifisyèl nan gen alavni.


Pandan nou ap kontinye pakou pou transfòmasyon sa a, Lekòl Piblik Norwalk yo pran angajman pou prepare elèv yo pou lavni ki fèt atravè inovasyon, ekite, ak itilizasyon teknoloji avèk etik. Ansanm avèk pwofesè, fanmi, elèv, ak kominote yo nou ap travay pou asire chak aprenan gen kapasite pou pwogrese nan yon monn ki baze sou Entelijans atifisyèl.

APRANN PLIS

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Aprantisaj Nimerik nan NPS ak AI, ale sou www.norwalkps.org oswa eskàne kòd QR la..

KAD LA

KONSANTRE SOU 10 VALÈ DEBAZ



MISYON NOU


Nan Lekòl Piblik Norwalk yo, misyon nou se bay bon jan edikasyon epi ki ekilibre, yon fason pou TOUT elèv ki pral diplome alavni kapab pare antanke sitwayen responsab, enplike yon fason global epi kontribye yon fason pozitif nan yon mond divèsifye ki toujou ap chanje.

VIZYON NOU

Norwalk Public Schools ap konstrui yon mond ki san patipri epi ki jis, kote chak grenn elèv nan Norwalk prepare pou tout aspè nan lavi a.

ANGAJMAN NOU PRAN

SE PLAN ESTRATEJIK AK PRIYORITE NOU YO KI GIDE TRAVAY NOU.
NOU FÈM NAN ANGAJMAN NOU ANVÈ ELÈV NOU YO.



5 PRIYORITE ESTRATEJIK

EKSELANS.

Atenn ekselans nan tout aspè òganizasyon nou an atravè sistèm efikas, anviwònman aprantisaj modèn ak pwosesis amelyorasyon kontini.

ANGAJMAN

Asire tout timoun, fanmi, manb ekip yo ansanm ak kominote a enfòme, enplike, epi santi yo byen akeyi nan lekòl nou yo.

PREPARASYON POU LAVNI

Prepare tout elèv yo pou yo ka pare pou edike tèt yo plis apre lekòl klasik, pou yo vin gen yon karyè epi jwenn opòtinite pou gen anplwa, epitou pou yo vin plis angaje yon fason global nan lidèchip yo.

EGALITE.

Asire opòtinite, fasilite, eksperyans ak rezilta ki ekilibre (egal) pou tout elèv yo.

BONJAN KALITE ENSTRIKSYON AK SIPÒ

Kreye yon sistèm aprantisaj entèlektyèl motive ki gen sipò sible pou pwodiksyon kwasans sosyal, emosyonèl ak akademik.

5 PRIYORITE ESTRATEJIK

PRIYORITE 1

DOMÈN NOU KONSANTRE NOU

- Preparasyon Pou Lavni
- Chimen Edikasyon ak Karyè

PREPARASYON POU LAVNI

Prepare tout elèv yo pou yo ka pare pou edike tèt yo plis apre lekòl klasik, pou yo vin gen yon karyè epi jwenn opòtinite pou gen anplwa, epitou pou yo vin plis angaje yon fason global nan lidèchip yo.

AKSYON

Defini Preparasyon Pou Lavni.
Kolabore ak elèv yo, enstitisyon k ap anplwaye yo ak founisè sèvis edikasyon apre lekòl segondè yo pou w konprann ki konpetans ki nesesè pou reyisit apre gradyasyon, epi pou defini chimen ki pèmèt nou jwenn bon jan rezilta edikatif ak karyè.

Asire Aksè a Opòtinite Apre Lekòl Segondè Byen Bonè.
Òganize lidèchip Norwalk nan sa k gen pou wè ak pakou karyè pou ranfòse sansibilizasyon elèv yo, aksè ak patisipasyon enstitisyon anplwa yo.

Kreyasyon Sèvis Konsèy Adapte.
Asire elèv yo resevwa konsèy sou inivèsite ak karyè, sa ki ap mennen elèv yo pran desizyon akademik ak karyè ki enfòme.

Ranfòse Plan Reyisit Elèv yo.
Ranfòse plan reyisit endividyèl elèv yo pou adrese bezwen ak enterè chak elèv, ede elèv yo rete konekte nan lekòl la, epi sipòte elèv yo pou atenn objektif edikasyon ak karyè yo genyen apre lekòl segondè.

PRIYORITE 2

DOMÈN NOU KONSANTRE NOU

- Sipò Entèvansyon
- Kominikasyon pou Aksè ak Opòtinite
- Politik

EGALITE

Asire opòtinite, fasilite, eksperyans ak rezilta ki ekilibre pou TOUT elèv yo.

AKSYON

Devlope Sistèm Sipò pou Elèv yo.
Devlope epi kontinye amelyore yon sistèm sipò nan tout distri a ki gen ladan l definisyon nivo akademik ak konpòtman ki disponib ak pwosesis itilizasyon yo.

Amelyore Kominikasyon avèk Fanmi yo.
Amelyore sistèm kominikasyon yo nan elaji kominikasyon vityèl ak itilizasyon sèvis tradiksyon yo, epi nan etabli yon sous santral pou enfòmasyon sou enskripsyon nan kou ekselans yo, kou pou elèv sidwe yo, kou onè ak AP yo, ansanm ak pwosesis evalyasyon edikasyon espesyal yo.

Konsepsyon ak Aplikasyon Aprantisaj Pwofesyonèl. Devlope epi aplike yon sistèm aprantisaj pwofesyonèl ki konsantre sou kreyasyon plis konpetans atravè tout kilti yo pou ranplase kwayans ki baze sou diskriminasyon yo.

Asire Paran yo Patisipe nan Lidèchip Lekòl la. Amelyore pwosesis patisipasyon paran yo nan opòtinite lidèchip lekòl la epi asire patisipasyon paran yo reprezante konpozisyon rasyal/etnik elèv yo.

Kreye epi Vin ak Plis Opsyon. Vin ak plis tèm, pakou ak pwogram pou ofri plis opòtinite pou elèv yo.

Defini ak Jeneralize Sitwayènte Global. Kreye eksperyans aprantisaj ki ankouraje konesans, konpetans ak oto-sansibilizasyon ki nesesè pou elèv yo asime angajman global lidèchip pandan ane lekòl yo epi apre lekòl klasik.

TEYORI AKSYON:

Si nou klarifye epi konsantre sou konpetans ki pi esansyèl pou reyisit nan inivèsite, karyè ak angajman global pou lidèchip, epi si nou ka kreye chimen ak opòtinite pou devlope konpetans sa yo, lè sa a nou ap kapab agrandi kantite elèv ki ap gradye tou pare pou lavni yo.

Devlope yon Politik ki Baze sou Egalite. Devlope yon politik ak yon deklarasyon ki baze sou egalite, epi ki reprezante yon angajman pou divèsite, enklizyon ak egalite.

TEYORI AKSYON

Si nou idantifye ak abòde kòz prensipal inegalite ak mank pwopòsyonalite ki egziste a, nou kapab kreye yon distri kote chak epi tout elèv yo reyisi tout bon vre.

PRIYORITE 3

DOMÈN NOU KONSANTRE NOU

- Sistèm Anviwònman Aprantisaj
- Jesyon Pèfòmans

EKSELANS

Atenn ekselans nan tout aspè òganizasyon nou an atravè sistèm efikas, anviwònman aprantisaj modèn ak pwosesis amelyorasyon kontini.

AKSYON

Modènize ak Konsève Etablisman yo. Amelyore konstriksyon ak etablisman lekòl yo pou kreye kondisyon ki kapab mennen nan inovasyon ansèyman ak aprantisaj pou tout moun.

Amelyore ak Adapte Sistèm Òganizasyon yo. Devlope ak amelyore efikasite ak adaptasyon sistèm distri ak lekòl yo pou amelyore sèvis, kominikasyon epi pou jwenn pi bon rezilta.

Kreye Sistèm Suivi pou Preparasyon Elèv yo pou Lavni. Kreye yon sistèm done ki sòti nan etap timoun piti pou rive nan etap karyè ki pwoteje vi prive, asire transparans. Epitou, bay enfòmasyon edikatè, elèv yo ak fanmi nou yo bezwen pou kenbe elèv nou yo sou wout la.

Kreye yon Sistèm Amelyorasyon Eskolè. Kreye yon sistèm amelyorasyon eskolè ki baze sou sik planifikasyon, mezi rezilta, analize rezilta ak estrateji adaptasyon.

PRIYORITE 4

DOMÈN NOU KONSANTRE NOU

- Kominikasyon
- Sèvis Kowòdone
- Patenarya Kominotè

ANGAJMAN

Asire tout timoun, fanmi, manb ekip yo ansanm ak kominote a enfòme, enplike, epi santi yo byen akeyi ann lekòl nou yo.

AKSYON

Amelyorasyon Kominikasyon. Asire kominikasyon ak elèv yo, fanmi yo epi entèvnan kominotè yo ki efikas, konsistan epi adapte ak divès kilti yo.

Lansman Sant pou Fanmi. Angaje fanmi yo pandan ane akademik timoun yo a gras ak platfòm santral ki ofri aksè ak enfòmasyon ak sèvis distri a, epi ki ofri pwogram ak aktivite pou sipòte fanmi yo, epi fasilite koneksyon avèk resous kominotè yo.

Inove ak Rafine Angajman Familyal yo. Devlope fason kreyatif, entansif epi ki baze sou rechèch pou angaje fanmi tout orijin.

Fè Pwomosyon yon Espas Travay ki baze sou Kolaborasyon. Kreye yon kilti pwofesyonèl ki bay sipò epi asire sistèm nou yo enfòme anplwaye yo konplètman epi tou bay menm anplwaye sa yo opòtinite pou yo bay bon kalite opinyon.

PRIYORITE 5

DOMÈN NOU KONSANTRE NOU

- Kourikoulòm
- Kwasans Edikatè

BON JAN KALITE ENSTRIKSYON AK SIPÒ

Kreye yon sistèm aprantisaj entèlektyèl motive ki gen sipò sible pou pwodiksyon kwasans sosyal, emosyonèl ak akademik.

AKSYON

Asire gen Pwogram Etid (Kourikoulòm) Apwopriye pou TOUT Elèv. Fè odit epi asire gen yon pwogram eskolè pou jadendanfan rive 12yèm ane ki apwopriye, epi ki gen konpetans nesesè pou elèv yo rive gradye pandan yo tou pare pou lavni.

Devlope Sistèm Sipò Elèv. Devlope epi kontinye amelyore yon sistèm sipò nan plizyè nivo nan tout distri a, epi ki asire kwasans akademik ak siksè pou chak grenn epi pou tout timoun nan Norwalk.

Entegre Aprantisaj Sosyo-emosyonèl. Entegre sipò sosyal ak emosyonèl ki nesesè pou byennèt ak siskè nan lekòl la, nan espas travay yo, nan relasyon yo epi nan sitwayènte tou

Ranfòse Ansèyman. Amelyore angajman elèv yo epi apwofondi aprantisaj nan ranfòse ansèyman Nivo 1 epi tou, pèsonalize eksperyans aprantisaj selon enterè ak objektif ki genyen yo.

Amelyore Sistèm Jesyon Pèfòmans. Devlope yon sistèm evalyasyon anplwaye ki sipòte devlopman pwofesyonèl pèsonèl atravè yon pwosesis pou jwenn opinyon ki efikas.

Konstwi yon Depatman Rechèch ak Evalyasyon. Devlope kapasite òganizasyon an pou konekte, analize ak rapòte done enpòtan sou plan elèv yo, pwogrè ak sipò atravè sistèm epi atravè tranzisyon elèv yo.

TEYORI AKSYON

Si nou devlope yon pwosesis amelyorasyon pèmanan ki baze sou bon jan priyorite ki klè, sou itilizasyon done, ak woutin amelyorasyon, nou kapab kreye yon kilti ekselans pwofesyonèl epi vin pi bon nan amelyorasyon nou; epi Si nou adapte estrikti òganizasyon an ak priyorite nou yo pandan n ap ankouraje sistèm solid ak pwosedi fonksyònman estanda yo, nou kapab asire adaptasyon ak koyerans, epi redui varyasyon ki egziste nan tout distri a.

Fè Patenarya pou yon Demen Miyò. Travay ansanm ak òganizasyon kominotè oswa imanitè pou konstwi yon sistènm eskolè ki pi djanm epi yon demen miyò pou tout elèv.

Fè Pwomosyon Opinyon Elèv yo. Amelyore eksperyans aprantisaj la nan kreye sistèm ki asire pèspektiv divès epi orijinal elèv yo atravè tout distri a.

TEYORI AKSYON

Si nou vin gen patenarya ak elèv yo, fanmi yo epi kominote a epi nou kominike yon fason ki efikas, nou kapab kreye yon distri ki pi akeyan, ki pa gen patipri epi ki efikas.

Amelyore Sistèm Evalyasyon Ansèyman. Rafine epi elaji sistèm evalyasyon an pou konprann kijan elèv yo aprann epi reyisi, sipòte sik amelyorasyon lekòl yo epi pwodui enfòmasyon san reta ki kapab bay ansèyman boustè.

Envesti nan Kapasite Edikatè (Anseyan) yo. Konsevwa yon sistèm aprantisaj pwofesyonèl ki ankouraje kolaborasyon edikatè (anseyan) yo epi ki konsantre sou konpetans ak pèspektiv ki pi esansyèl pou asire tout elèv gradye pandan yo tou pare pou lavni.


TEYORI AKSYON

Si nou kreye sistèm ansèyman ak aprantisaj ki toujou efikas ki tou gen opsyon entèvansyon ak sipò sible, nou kapab sipòte chak timoun nan devlòpman konpetans ak dispozisyon ki nesesè pou edikasyon yo apre lekòl klasik, pou opòtinite karyè epi tou pou lavi yo.

GADYEN FRÈ M NAN AK GADYEN SÈ M NAN

NPS fyè pou li te lanse nan lane 2021 seksyon Gadyen Frè m (MBK) ak Gadyen Sè m(MSK) nan tout distri a, sa ki te pèmèt nou kreye yon espas ki gen anpil fòs pou soutni ak ankouraje elèv ki pa blan yo.

Se Fondasyon Obama a ki te soutni inisyativ MBK a, pwogram MBK nou an sipòte jèn gason ki pa blan atravè gwoup eskolè ki baze sou mantora, konstwi relasyon ak devlopman pèsonèl. Elèv yo angaje nan yon pwogram ki se yon rit pasaj ki ap fè pwomosyon pou valè fondamantal, panse kritik, ak sèvis kominotè sa ki alafen ranfòse angajman, santiman idantite ak siksè akademik yo.



Yon lòt bò, My Sister's Keeper mete mentò disponib pou jèn fi ki pa blan yo atravè lekòl ak tout distri yo. MSK pèmèt yo dekouvri tèt yo, gen konfyans, epi gen lidèchip pandan l ap ankouraje elèv yo pou eksplore fòs yo, anbrase bote enteryè yo epi kiltive konpetans esansyèl pou lavi yo.

Toulède pwogram sa yo ki entegre nan lekòl entèmedyè ak lekòl segondè nou yo aliyen avèk Prezantasyon yon Gradye. Epitou, ki kontinye devlope kòm kominote ki sèten epi k ap ofri sipò ak prepare elèv yo pou epanouyi akademikman, sosyalman ak emosyonèlman.









KONSTRIKSYON LEKÒL LA

Lekòl Piblik Norwalk yo fyè pou akeyi elèv ki nan South Norwalk ak fanmi yo ki retounen nan pwòp katye lekòl yo pou otòn sa a, sa ki pral premye fwa nan prèske 50 lane kominote a pral gen yon lekòl nan zòn yo. Elèv yo p ap bezwen kite katye yo, epi l ap pi fasil pou fanmi yo angaje nan edikasyon timoun yo gras ak lekòl la ki nan kèk distans a pye, epi ki vrèman fè pati kominote a.

Lekòl South Norwalk se premye nou konstwi nan kad nouvo to ranbousman 60% Eta a ba nou pou tout konstriksyon lekòl nan Vil Norwalk. Se yon kokennchen reyalizasyon ki rive fèt gras ak efò Lidè Majorite nan Sena Connecticut la Bob Duff. Senatè Duff te jwe yon gwo wòl nan sekirize yon pousantaj ranbousmans 80% nou pa t janm gen anvan pou nouvo batiman Norwalk High School/P-TECH Norwalk ki aktyèlman an konstriksyon epi nou prevwa pou ouvè an otòn 2027.

Nouvo lekòl segondè a ap gen ladan l pwogram konplè Norwalk High School ak P-TECH Norwalk nan yon sèl kanpis pou atizay nan eta a ki modèn anpil, epi k ap kapab enskri 2000 elèv. Lè li fin fèt, n ap detwi batiman pou lekòl segondè nou gen kounye a ki te konstwi nan lane 1971, epi n ap ranplase ak nouvo domèn espòtif.

SANT SANTE NAN LEKÒL

Lekòl Piblik Norwalk ak Sant Sante Kominotè Norwalk kontinye patenarya yo a ki gen anpil valè pandan yo ouvè yon twazyèm sant sante ak byennèt ki baze nan lekòl—Sant Sante ak Byennèt pou Fanmi—nan Sant Familyal NPS nan mwa Janvye 2025.

NCHC ki ap kontwole sant sante ki baze nan lekòl yo atravè distri a ofri divès kalite sèvis esansyèl, tankou egzamen medikal, depistaj sante, vaksinasyon, konsèy sou sante mantal, entèvansyon sou kriz ak prevansyon sou suisid, sipò pou nitrisyon ak jesyon pwa, ak tretman pou maladi ak blesi lejè.

Anplis, distri a fè patenarya ak Konsèy Sèvis Sosyal ki jere Sant Sante Ki Baze nan Lekòl Dr Robert Appleby yo nan senk (5) lekòl. Sant sante sa yo ki anndan lekòl la ogmante aksè elèv yo ak sèvis swen sante konplè ki ka difisil pou yo jwenn, sa ki favorize byennèt jeneral ak siksè elèv la.

TRANSPÒ



Depatman Transpò NPS pran angajman pou asire elèv yo jwenn chak jou transpò ki san danje, fyab epi efikas pou ale epi tounen lekòl. Ekip chofè pwofesyonèl ak pèsonèl sipò nou an pran angajman pou respekte nòm sekirite ki pi estrik yo pandan y ap ankouraje yon anviwònman ki pozitif ak akeyan nan chak bis. Nou ap fè tout sa ki posib pou pèmèt chak trajè se yon eksperyans ki san danje epi ki byen pase. Sa ki ap pèmèt fanmi yo gen lespri yo poze epi elèv yo ap kapab rive lekòl yo pare pou aprann epi fè siksè. Nan kè misyon nou an nou rete kwè transpò ki san danje se baz pou aksè ak edikasyon kalite san patipri.

EVÈNMAN NPS

Distri nou an fyè pou patisipe nan divès evènman ki selebre diferan kilti, konesans ak koneksyon kominotè nou. Evènman distri a dirije gen ladan l Mwa Eritaj Ispanik ak Mwa Eritaj Nwa, epi twazyèm edisyon evènman First Book ki fèt chak ane a montre angajman nou pran pou onore divèsite ak pou fè pwomosyon alfabetizasyon. Evènman sa yo kontinye grandi chak ane avèk angajman ak enpak ki ap ogmante.



Epitou, nou patisipe aktivman nan evènman vil la ak kominote a òganize tankou: Jounen Latè, National Night Out, ak selebrasyon LGBTQ+ Pride. Opòtinite sa yo ede ranfòse patenarya epi montre angajman nou pran pou favorize enklizyon, konpreyansyon ak yon gwo santiman apatenans atravè kominote Norwalk la.



SANT POU FANMI NPS



Sant Familyal NPS la pou sèvi kòm sant akèy pou tout fanmi nan kominote Lekòl Piblik Norwalk yo, pandan li ap ofri yon anviwònman ki ap ankouraje yo, epi ki pwofesyonèl kote enklizyon, aksè ak angajman vin an premye. Menmsi fanmi an fenk vin rete nan distri a oswa abite nan zòn nan lontan, sant lan ofri menm pwosesis enskripsyon epi li konekte fanmi yo avèk resous ak enfòmasyon yo bezwen pou navige ak konfyans nan sistèm eskolè a.

Avèk misyon pou bay fanmi yo pouvwa pou tounen defansè siksè sosyal ak akademik timoun yo, Sant Pou Fanmi a se yon eleman enpòtan nan angajman Norwalk pran an favè patenarya ak ekite. Li ankouraje koneksyon alontèm epi ki enpòtan pandan li òganize sou tout ane a atelye ak evènman ki ankouraje patisipasyon epi ki ranfòse lespri kominotè a.

Pami evènman popilè li yo nou jwenn fèt Trick-or-Treat Drive-Through ak the Say Yes to a Prom Dress and Suit, ki ede fèt fen ane a plis aksesib pou tout elèv yo. Sant Familyal NPS la kontinye yon espas moun fè konfyans pou jwenn sipò, selebre epi fè koneksyon.

PWOGRAM KI PREPARE POU LAVNI

Pwogram ki pare pou lavni Lekòl Piblik Norwalk yo fèt pou angaje ankò elèv ki te dekonekte ak lekòl tradisyonèl pandan l ap ofri yo yon pakou fleksib pou yo fè siksè akademik. Pwogram sa yo ofri elèv yo anviwònman aprantisaj pèsonalize, ki fèt pou reponn ak bezwen inik yo, tankou moun ki bezwen balanse responsabilite pèsonèl ki ka te fè yo kanpe ak lekòl yo.



Pou ane lekòl 2024-25 la gen plis pase 90 elèv ki gradye atravè Pwogram ki Prepare Pou Lavni, Pwogram Multilingual Learner (MLL) Accelerated Summer ak Pwogram Credit Recovery pandan seremoni gradiyasyon ivè ak ete a. Gradye sa yo se egzanp pèseverans ak rezilyans, yo travèse gwo obstak pou rive fè gwo reyalizasyon sa a, epi reprann chemen pou fè siksè alavni.





BAKALOREYA ENTÈNASYONAL

Lekòl Piblik Norwalk fyè pou anonse nan kòmansman ane eskolè 2025-2026, gen twa (3) lekòl ki fenk otorize pa Òganizasyon Bakaloreya Entènasyonal (International Baccalaureate, IB) pou ofri pwogram akademik nan nivo mondyal. Naramake Elementary School pral ofri Primary Years Programme (PYP), pandan Nathan Hale ak Roton Middle Schools pral ofri Middle Years Programme (MYP).

Nouvo otorizasyon sa yo make yon etap enpòtan nan mete sou pye yon ansèyman IB konplè sòti nan jadendanfan pou rive nan 12zyèm ane nan tout distri a. Elèv ki konplete MYP nan Nathan Hale oswa Roton kapab aplike atravè NPS High School Choice Lottery pou kontinye MYP a nan klas 9yèm ane nan Brien McMahon High School, ki ofri Pwogram Diplòm IB (Diploma Programme, DP) ak Pwogram ki gen rapò ak karyè (CP) nan klas 11zyèm ak 12zyèm ane.

IB a se yon pwogram ki rekoni nan nivo entènasyonal pou fòme elèv ki gen kiryozite, enfòme epi ki gen konpasyon. Avèk pwogram sa yo nou ajoute, Lekòl Piblik Norwalk yo elaji aksè ak edikasyon ki gen rigè epi ki konsantre nan nivo global pou prepare elèv yo pou siksè nan yon monn k ap chanje byen rapid.

FINANS

	APWOUVE FY26 FOND JENERAL	%
Sèvis Salklas ak Lekòl sipò pou elèv yo. edikatè, anplwaye sipò pou enstriksyon, transpòtasyon lekòl, sèvis konsèy	$ 213,329,076	86.3 %
Sèvis Biznis yo Teknoloji Enfòmasyon, Resous Imèn, Sèvis Legal, Kontablite, Pewòl	$ 14,831,685	6.0 %
Operasyon Kenbe anviwònman fonksyonèl san danje pou aprantisaj elèv yo	$ 11,865,348	4.8 %
Devlopman Pwofesyonèl Sipò Enstriksyonèl, Enstriksyon Kourikoulòm, Fòmasyon sou Ekite ak Patipri	$ 4,943,895	2.0 %
Administrasyon Jeneral Wòl administratif nan Biwo Santral ak atravè distri a	$ 2,224,753	0.9 %
	$ 247,194,758	100.0%

OPÒTINITE AK OPSYON POU ELÈV NORWALK

PWOGRAM BILENG YO

Brookside Elementary, Jefferson Marine Science Elementary, ak West Rocks Middle School ajoute pwogram bileng yo nan lekòl yo an. Pwofesè yo planifye epi kowòdone pwogram enstriksyon yo pandan y ap anseye nan yon anviwònman ki fèt an ekip kote yon pwofesè ap anseye nan lang Anglè epi lòt lan ap anseye nan lang Panyòl.

PWOGRAM PRENSIPAL BROOKSIDE MONTESSORI

Baze sou aktivite ak direksyon otonòm, sou modèl edikatif Montessori ki baze sou aprantisaj pratik ak divètisman kolaboratif.

TRACEY MAGNET SCHOOL

Se sèl lekòl nan eta a ki genyen tit Lekòl Nasyonal Karaktè Character.org la nan ane 2024 la. Elèv Tracey yo kite "MAK" yo sou tout sa yo reyalize: Rezoud pwoblèm, respè, entegrite, vwazinaj ak pran responsablite.

CONCORD MAGNET SCHOOL

Pwogram manyetik lekòl matènèl jiska 8yèm lane anndan distri sa a baze sou pwojè pwogresif Bank Street ak H.O.T. (Panse Lòd Siperyè) modèl. Elèv yo fè efò pou yo atenn ekselans akademik atravè inite etid pratik, entegre ak enfizyon atistik.

LEKÒL SILVERMINE BILENG ESPESYALIZE

Nan yon lekòl de (2) lang ak entegrasyon total, pwofesè yo planifye ak kowòdone pwogram ansèyman yo nan yon anviwònman ansèyman an ekip nan chak nivo eskolè: youn anseye nan lang Anglè, epi lòt la nan lang Panyòl.

PWOGRAM ASISTANS ESPESYAL POU LEKÒL YO

Pwogram Asistans Magnet Schools se yon pwogram sibvansyon senk (5) ane Depatman Edikasyon Etazini ki pral sipòte epi amelyore eksperyans edikasyon nan Kendall College & Career Academy, Ponus Ridge STEAM Academy ak P-TECH Norwalk.

PWOGRAM AK DIPLÒM BAKALOREYA ENTÈNASYONAL NAN MCMAHON

Kolèj ak inivèsite yo byen apresye pwogram anvan inivèsite dezan konplè ak solid sa a. Elèv ki diplome nan IB yo gen yon pousantaj akseptasyon nan kolèj ki se 22 pousan pi wo.

PONUS RIDGE STEAM ACADEMY

Pwogram solid ak entegre sa a itilize leson ak estrateji STEAM (Syans, Teknoloji, Jeni, Atizay ak Matematik) pou angaje elèv yo.

P-TECH NORWALK

Elèv yo kapab genyen yon diplòm Asosye nan jeni lojisyèl, devlopman sit entènèt oswa pwogramasyon mobil, gratis, pandan y ap suiv kou nan Norwalk Community College pandan lekòl segondè a. Patenarya avèk IBM la bay elèv yo posibilite pou jwenn yon mantò, vizite espas travay yo, fè estaj ki peye, ak posibilite pou jwenn pòs pèmanan.

AKADEMI SYANS MARITIM NAN MCMAHON

Elèv yo aprann aplike teknik ak teknoloji nan domèn divèsifye sa a. Eksperyans pratik sou teren yo disponib atravè aprantisaj lokal yo.

AKADEMI MEDYA NIMERIK AK KOMINIKASYON NAN NORWALK HIGH

Nan travay ak asosyasyon endistriyèl yo, Akademi Medya Nimerik ak Kominikasyon an bay yon apwòch pratik, ki pèmèt elèv yo metrize pwogram enfòmatik endistriyèl debaz yo. Elèv yo gen opòtinite pou yo jwenn kredi pou inivèsite atravè Inivèsite Quinnipiac pou kou espesifik tou.

AKADEMI SWEN SANTE MCMAHON

Gras ak Inivèsite Kominotè Norwalk la ansanm ak Lopita Norwalk la, etidyan yo jwenn sètifika kòm teknisyen medikal ijans, asistan nan flebotomi aak teknisyen swen pou pasyan.

SANT POU ETID GLOBAL

Yon lekòl manyetik entè-distri ki chita kò l nan BHMS, elèv yo etidye lang ak kilti Chinwa, Japonè ak Mwayen Oryan, pandan yo konsantre sou lespri global. Elèv sa yo patisipe nan vwayaj etid pou de (2) semèn atravè lemonnantye.

LEKÒL ATIZAY ENTEGRE WOLFPIT (WOLFPIT INTEGRATED ARTS SCHOOL)

Yon oryantasyon ki santre sou atizay bay elèv yo oposibilite pou yo benefisye yon edikasyon atistik entegre, pandan y ap angaje yo nan pratik aprantisaj solid. Tèm sa a ofri elèv sa yo ki enterese nan atizay vizyèl ak espektak konpetans yo bezwen pou kontinye pakou atistik yo nan lekòl fondamantal ak pi lwen.

NORWALK
Public Schools















































